



Pou Piblikasyon Imedya: 24/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TRAJÈ REKÒ NAN METWO PANDAN MTA DEPASE  
TWA MILYA KAT NAN SISTÈM PEMAN SAN KONTAK LA**

*Yon abitan Upper East Side vin tounen twa milyadyèm itilizatè sistèm transpò  
piblik la nan Estasyon 47th–50th Streets–Rockefeller Center BDFM*

*Sistèm metwo a rive nan yon nouvo rekò pasaje apre pandemi an, li pote plis  
pase 4.5 milyon kliyan*

*87 pousan vwayaj nan metwo ak otobis ki fèt ak teknoloji Tap and Ride la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke vwayaj Metwo Vil Nouyòk yo depase 4.5 milyon pasaje pandan de jou konsekitif semèn sa a, sa ki make yon rekò pasaje apre pandemi an. Gouvènè a te mete aksan tou sou lefèt ke Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) te rive nan twa milya itilizasyon sistèm peman tikè san kontak li a.

"Avèk pwogrè siyifikatif nan sekirite ak fyabilite ane sa a, li pa etonan ke nou ap bat yon lòt rekò pasaje nan metwo a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anplis de sa, plis konvenyans pasaje yo genyen kounye a pou yo tape epi ale ap bay bon rezilta. Rive nan gwo etap enpòtan pou sèvis tape epi ale ak kantite pasaje chak jou nan menm semèn nan se dènye prèv ki montre investisman Nouyòk te fè nan transpò piblik la ap ede nan pwosperite Vil Nouyòk la."

Mèkredi 22 oktòb la, 4.52 milyon kliyan te pran metwo a epi jedi 23 oktòb la, chif sa a te 4.55 milyon pasaje. Rekò anvan an te etabli pandan sezon makèt nan jou ferye yo, 12 desanm 2024 la, ki te wè 4.53 milyon kliyan metwo. Sa rive pandan MTA a rive nan twa milya kat sou sistèm peman tikè san kontak li a. Yo idantifye twa milyadyèm moun ki te itilize kat la kòm Russell Levy ki soti Upper East Side epi ki te konekte nan sistèm metwo a nan estasyon 47th-50th Streets-Rockefeller Center BDFM touswit apre 12:00 p.m. Etap enpòtan sa a vini apre Otorite a te fèk fini enstale 980 machin lavant kat OMNY nan tout 472 estasyon metwo yo an septanm, pandan l ap prepare pou elimine MetroCard la pwogresivman. Jiska prezan, 87 pousan nan tout vwayaj metwo ak otobis yo peye ak teknoloji Tap and Ride la.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Twa milya kat se yon prèv inebnanlab ke Nouyòkè yo pare pou yon nouvo epòk nan peman tikè. Tap and Ride, menm jan MetroCard te fè sa 30 ane de sa, ouvri pòt pou nouvo rabè ak pwomosyon ki pral ranfòse abòdablite transpò piblik la — pa bezwen kalkile vitès."

**Prezidan Transpò an Komen Vil NY la, Demetrius Crichlow te deklare,** "Kòm fason ki pi rapid, ki pi senp, epi ki pi pratik pou peye tikè ou, sèvis tape epi ale a chanje tout bagay pou pasaje transpò piblik yo ki kounye a chwazi li kòm metòd peman yo twa milya fwa. Epi byenke li se yon moman ki dous ak alafwa anmè pou kèk Nouyòkè pou yo di orevwa ak MetroCard la, nou ankouraje pasaje yo fòtman pou yo chanje sistèm peman alavni an kounye a pou asire yon tranzisyon san pwoblèm."

**Direktè Anchèf Sèvis Kliyan MTA, Shanifah Rieara, te deklare,** "Prèske 90 pousan nan pasaje yo te fè chanjman an epi n ap ogmante efò yo pou rive jwenn 10 pousan nan moun retisan yo. Sa gen ladan l ouvèti plis Sant Sèvis Kliyan anvan fen ane a pou bay pasaje yo plis opòtinite an pèsòn nan katye yo pou poze kesyon epi adrese nenpòt enkyetid, epi pou fè tranzisyon an jeneral osi fasil jan sa posib."

**Twa milyadyèm kliyan Tap and Ride, Russell Levy, te deklare** "Sa te vrèman nouvo pou mwen — mwen pa t atann ak sa a. Nou itilize metwo a chak jou, nou itilize li plizyè fwa epi nou renmen tape epi itilize OMNY."

Nan mwa mas, Otorite a te anonse dènye jou lavant MetroCard yo se pral 31 desanm 2025, epi akseptasyon MetroCards yo ap fini nan mitan ane 2026. Pandan Otorite a ap avanse pou l fè yon tranzisyon konplè, li kontinye agrandi rezo lavant an detay OMNY solid li a ki kounye a rive nan 2,700 kote – plis pase doub kote ki gen patenarya MetroCard yo. Malgre ke sistèm peman Tap and Ride la pa mande yon kat OMNY epi li pèmèt pasaje yo peye tikè yo dirèkteman ak bous dijital ak kat labank san kontak, kliyan yo ap jwenn li de fwa pi fasil pou achte oswa rechaje yon kat OMNY.

Kliyan ki gen kesyon sou sistèm peman Tap and Ride la ka rele 511 oubyen Sant Apèl OMNY nan 877-789-6669, pale ak yon ajan an dirèk nan aplikasyon MTA a, oubyen vizite nenpòt nan 16 Sant Sèvis Kliyan (Customer Service Centers, CSC) yo ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7, ki pral elaji pou rive nan 14 lòt kote anvan fen ane a jan yo te anonse semèn pase a.

Lè yo elimine vant MetroCard la epi yo chanje nèt pou yo sèvi ak yon sèl metòd pou kolekte tikè, MTA a espere ekonomize omwen 20 milyon dola chak ane nan depans ki gen rapò ak pwodiksyon ak distribisyon MetroCard; reparasyon distribitè otomatik; ak koleksyon ak jesyon lajan kach. Chanjman pou yon peman san kontak ouvri tou potansyèl pou nouvo pwomosyon ak rabè sou pri tikè ki fasil pou kliyan.

### **Sistèm san kontak la senplifye itilizasyon sistèm transpò a**

Teknoloji Tap and Ride la senplifye itilizasyon sistèm transpò piblik NYC la grasa fonksyon plafonman pri a ki elimine nesesitye pou devine sou achte tikè ki pi ekonomik la. Kontrèman ak MetroCard, kliyan yo pa bezwen peye davans pou resevwa kous san

limit oswa pèdi sa yo pa depanse. Fonksyonalite plafonman pri a, ki disponib pou kliyan ki itilize yon bous dijital, yon kat debi/kredi san kontak oswa yon kat OMNY, rann transpò piblik la pi aksesib lè li bay kous gratis otomatikman epi kite lajan nan pòch kliyan yo.

Mwa pase a, Konsèy MTA a te apwouve yon seri chanjman nan règleman sou pri tikè ak tarif yo, ki te gen ladan l elaji plafon pri tikè pandan sèt jou pou otobis ekspres yo apati ane pwochèn. Kliyan otobis ekspres yo p ap peye plis pase 67 dola pa semèn pou vwayaj san limit nan otobis ekspres, otobis lokal, ak tren anba tè nan okenn peryòd 7 jou. Apre yo te fin prezante li kòm yon pwogram pilòt an 2022, limit pri tikè OMNY an pandan sèt jou ap vin pèmanan tou. Limit pri tikè kontinyèl pou 7 jou a, ki pèmèt kliyan yo peye pou 12 kous nan yon peryòd 7 jou epi otomatikman vwayaje gratis pou rès semèn nan san yo pa bezwen peye davans.

Nan anons mwa pase a, te gen nouvèl tou ke istwa chaj ak vwayaj OMNY yo disponib kounye a sou OMNY.info, yon fonksyonalite yo te ajoute dènyèman an repons a opinyon kliyan yo pandan peryòd kòmantè piblik la sou chanjman pri yo. Kounye a, kliyan yo kapab swiv vwayaj yo ak frè ki asosye avèk yo sou OMNY.info, ansanm ak pwogrè yo pou yo ka gen kous san limit. Nan mitan ane 2026 la, aplikasyon MTA a ap gen ladan tout zouti oto sèvis ki disponib sou OMNY.info.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)